



Amanman Konstitisyon UP Academy Boston yo


14 Jiyè 2021

Apwopo de UP

UP fè patenarya ak BPS depi 10 lane

VIZYON

Nou transfòme lekòl nan anviwònman aprantisaj eksepsyonèl an patenarya ak fanmi ak kominote nou yo. Elèv ki nan lekòl nou yo kiltive sèvo briyan yo, pataje kè jantiy yo ak eksplòre chimen yo ak potansyèl yo. Gradye UP yo reyisi sou chimen inivèsite epi yo pouswiv pasyon yo.



Fonde an 2010, nou fè patenarya ak distri yo ak eta a pou nou amelyore lekòl.

Nan Boston, nou sèvi ~2,000 elèv nan twa lekòl.

- UP Academy Boston - South Boston (The Gavin Building) - ane 6 a 8 - **Horace Mann Charter**
- UP Academy Dorchester - Dorchester (The Marshall Building) – ane K1 a 8 - **Horace Mann Charter**
- UP Academy Holland - Dorchester (John P. Holland Building) – ane K1 a 5 - **Receivership**

Apwobasyon Amanman Konstitisyon n ap Mande

Horace Mann yo oblije genyen apwobasyon Komite Lekòl BPS pou amannman yo

An plis de Konstitisyon an ki pou apwouve, genyen yon nonb de dokiman ki bezwen apwobasyon Komite Lekòl BPS la, BTU a, ak Komite lekòl Horace Mann nan. Pami kèk egzanp se:

- Politik pou Anwòlman
- Kalandriye
- Plan Responsabilite
- Anwòlman Maksimòm
- Nivo Skolè yo Sèvi
- Kontra Jesyon
- Memorandòm Konpreyansyon

Jodi a, n ap mande apwobasyon kontra jesyon an pou UP Academy Boston ak UP Academy Dorchester & MOU a pou UP Academy Boston

Nou te resevwa apwobasyon amannman nan men toulede Komite UAB/UAD a ak DESE

Apwobasyon Amanman Konstitisyon n ap Mande

UAB MOU

- Dènye vèsyon an te apwouve nan mwa out 2020
- An laj MOU a:
 - Dekri patenarya a ak BPS
 - Detaye responsabilite UP yo ak responsabilite BPS yo
 - Detèmine finansman pou UP Boston
 - Enkli aliyman ak BPS sou kòd kondwit la ak politik sou ekite
- Vèsyon pou apwobasyon an genyen dat ki te mete ajou pou nouvo tèm konstitisyon an. Epi tou li ajoute tèm “politik sou Ekite” nan seksyon 7a. Chanjman sila a refleto sa ki deja an pratik nan patenarya nou ak BPS.
- Te resevwa apwobasyon pwovizwa nan men DESE ak apwobasyon nan men Komite UAB UAD a.

Kontra Jesyon UAB UAD

- Dènye vèsyon an te siyen nan mwa jiyè 2019 epi li lè pou nou mete li ajou
- An laj Kontra Jesyon an:
 - Dekri relasyon an ant UP Education Network ak Komite UAB UAD a
 - Detaye ki sèvis UPEN pral bay lekòl yo
- Vèsyon pou apwobasyon an genyen dat/tèm ki te mete ajou, non anplwaye yo, ak definisyon selon direktiv DESE a.
- Fre jesyon an kalkile kòm yon % nan revni BPS la, epi aktyèlman li bouche a \$725k. % la p ap chanje, men n ap pwopoze yon ògmantasyon sou bouchon an rive \$765k pou ajiste poutèt enflyasyon – sètadi, pou nou ògmante menm pousan BPS te pondere finansman pou elèv te ògmante depi dènye fwa nou te mete kontra a ajou.
- Te resevwa apwobasyon pwovizwa nan men DESE ak apwobasyon nan men Komite UAB UAD a.